



# Medicare

## Ki sa ki andedan

Medicare	1
Kisa Medicare ye?	1
Kiyès ki ka jwenn Medicare la?	2
Ed pou moun ak revni ki ba	4
Enskri pou Medicare	5
Chwa pou resevwa sèvis sante	7
Si ou gen lòt asirans sante	7
Pou kontakte Sekirite Sosyal	8

## Medicare

Ti liv sa a bay enfòmasyon ou dwe konnen sou kisa Medicare ye, kiyès ki ka benefisye, ak kisa ou jwenn kom opsyon lè ou chwazi pwoteksyon Medicare. Pou dènye enfòmasyon sou Medicare, vizite sit entènèt la oswa rele nan nimewo gratis ki endike anba a.

<b>Medicare</b>	Sitwèb: <b><a href="http://www.Medicare.gov">www.Medicare.gov</a></b> Nimewo gratis: <b>1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)</b> Nimewo TTY: <b>1-877-486-2048</b>
-----------------	---

## Kisa Medicare ye?

Medicare se pwogram asirans sante de baz peyi nou an pou moun ki gen laj 65 lane oubyen plis. Moun ki pi jenn pase 65 lane ki genyen enfim, oswa ensifizans renal pèmanan, definitif, oswa esklewoz lateral amyotrofik (maladi Lou Gehrig nan), kapab kalifye tou pou Medicare. Pwogram sa ede ak depans swen sante, men li pa kouvri tout depans medikal yo oswa depans pi fò swen sante ki dire anpil tan yo. Ou gen plizyè chwa sou kijan pou ou pran pwoteksyon Medicare. Si ou chwazi pou w pwoteksyon orijinal Medicare lan, ou ka achte yon opsyon asirans Medicare an plis (ki rele Medigap) kay yon lòt konpayi asirans prive pou kouvri on seri depans Medicare lan pa kouvri.

Yon moso nan taks anplwaye ak patwon yo peye sou salè yo kouvri pifò depans Medicare yo. Prim chak mwa yo touche sou chèk Social Security yo kouvri tou yon pati nan depans yo.

The Centers for Medicare & Medicaid Services se ajans ki responsab pwogram Medicare la. Men, ou aplike pou Medicare nan Social Security, epi nou ka ba ou enfomasyon jeneral sou pwogram Medicare la.

### Medicare gen kat (4) pati

- Pati A Medicare la (asirans lopital) ede peye pou swen lopital pasyan ki entène oswa pou enfimyè kalifye nan yon etablisman ki bay swen (apre yon sejou nan lopital). Pati A a peye tou pou kèk swen sante a domisil yo, ak lòt swen.
- Pati B nan Medicare lan (asirans medikal) ede peye pou sèvis doktè ak lòt sèvis pwofesyonèl lasante, swen pou pasyan ekstèn, swen a domisil, ekipman medikal ki dire, ak kèk lòt sèvis prevansyon.
- Pati C Medicare lan (Medicare Advantage) genyen ladann tout avantaj ak sèvis ke nou te wè nan Pati A ak nan Pati B an. Kèk plan genyen ladann pwoteksyon Medicare pou medikaman sou preskripsiyan (Pati D Medicare) ak lòt avantaj ak sèvis an plis.
- Pati D Medicare la (Pwoteksyon medikaman sou preskripsiyan Medicare) ede kouvri kou medikaman sou preskripsiyan yo.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou kisa Medicare asire nan *Medicare & you* (Piblikasyon No. CMS-10050). Pou ou jwenn yon kopi, rele nimewo sa a gratis oswa monte sou sit entènèt Medicare lan, [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov).

### Yon mo sou Medicaid

Ou ka panse Medicaid ak Medicare se menm, men yo se de (2) pwogram diferan. Medicaid se yon pwogram eta yo dirije ki bay kouvèti lopital ak medikal pou moun ki gen ti revni. Chak eta gen pwòp règ yo sou kiyès ki kalifye, epi kisa Medicaid kouvri. Kèk moun kalifye pou de (2) pwogram yo Medicare ak Medicaid. Pou

plis enfòmasyon sou pwogram Medicaid lan, kontakte ajans asistans medikal lokal ou an oswa biwo sèvis sosyal ou an.

### Kiyès ki ka jwenn Medicare la?

#### Pati A Medicare (Asirans Lopital)

Moun ki gen 65 lane oswa plis, ki se sitwayen oswa rezidan pèmanan Etazini, kalifye pou Pati A Medicare lan. Ou kalifye pou Pati A a gratis lè ou gen 65 an si:

- Ou resevwa oswa ou kalifye pou resevwa benefis Social Security; oswa
- Ou resevwa oswa ou kalifye pou resevwa Railroad Retirement Benefits; oswa
- Mari/madanm ou (vivan oswa mouri, epi menm divòse) resevwa oswa kalifye pou resevwa Social Security oswa Railroad Retirement Benefits; oswa
- Ou menm oswa Mari/Madanm ou te travay ase lontan nan yon travay gouvènman an kote ou te peye taks Medicare yo; oswa
- Ou se paran ki t ap okipe yon timoun ki te asire nèt la epi ki mouri.

Si ou pa ranpli kondisyon sa yo, li posib pou ou jwenn Pati A Medicare la lè ou peye yon prim mansyèl. Dabitid, ou ka achte pwoteksyon sa a sèlman pandan asirans sa sèlman nan moman y ap fè enskripsiyan yo.

**NÒT:** Malgre laj retrèt konplè Social Security an pa 65 lane ankò, ou ta dwe enskri pou Medicare twa (3) anvan 65yèm anivèsè ou. Ou ka aplike sou sit entènèt nou an nan [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov).

Anvan laj 65 lane, ou kalifye pou Pati A Medicare lan gratis si:

- Si ou te jwenn benefis enfimite Social Security yo pou 24 mwa, oswa
- Ou resevwa yon pansyon enfimite nan men Railroad Retirement Board la epi ranpli kèk kondisyon; oswa

- Ou resevwa benefis enfimite Social Security yo paske ou genyen Maladi Lou Gehrig (esklewoz lateral amyotwofik); oswa
- Si ou te travay pandan ase lontan nan yon travay leta kote ou te peye taks Medicare yo, epi ou te respekte kondisyon pwogram enfimite Social Security an pou 24 mwa; oswa
- Ou se pitit oswa yon vèf/vèv ki gen 50 lane oswa plis, menm si ou menm ak travayè a te divòse; ki te travay ase lontan sou Social Security oswa nan yon travay gouvènman an Medicare kouvri, epi ou ranpli kondisyon pwogram enfimite Social Security an; oswa
- Si ou gen ensifizans renal pèmanan epi ou ap resevwa dyaliz oswa yon transplantasyon ren epi
  - Ou kalifye pou oswa resevwa benefis chak mwa sou Social Security oswa sistèm Railroad Retirement lan, oswa
  - Ou te travay ase lontan nan yon travay gouvènman an Medicare kouvri; oswa
  - Ou se pitit oswa mari/madanm (menm si nou divòse) yon travayè (vivan oswa mourir) ki te travay ase lontan sou Social Security oswa nan yon travay gouvènman an Medicare te kouvri

### Pati B Medicare (asirans medikal)

Nenpòt moun ki kalifye pou Pati A Medicare lan gratis ka enskri nan Pati B Medicare lan lè li peye yon prim mansyèl. Kèk moun ki gen gwo revni yo pral peye yon prim mansyèl Pati B an ki pi wo. Pou plis enfòmasyon, li *Medicare Premiums: Rules for Higher-Income Beneficiaries (Prim Medicare pou benefisyè ki gen gwo revni)* (Piblikasyon No. 05-10536), oswa vizite [www.socialsecurity.gov/medicare/mediinfo.html](http://www.socialsecurity.gov/medicare/mediinfo.html).

Si ou pa elijib pou Pati A gratis la, ou ka achte Pati B an, san ou pa bezwen achte Pati A a, si ou gen 65 lane oswa pi gran epi ou se:

- Yon sitwayen ameriken; oswa
- Yon imigran lalwa rekonèt, ki ap viv United States pandan senk (5) lane pou pi piti.

Ou kapab aplike pou Pati B an pandan peryòd enskripsiyan nou chwazi an. Si ou pa enskri pou Pati B an lè ou fenk kalifye pou li, ou ka oblige peye yon penalite enskripsiyan an reta pou tout tan ou gen pwoteksyon Pati B an. Li Enskri pou Medicare nan paj 6.

### PATI C Medicare (Plan Medicare Advantage yo)

Si ou resevwa benefis Pati A ak Pati B yo dirèk nan men gouvènman an, ou gen Medicare orijinal lan. Si ou resevwa benefis ou yo nan men yon òganizasyon Medicare Advantage oswa yon lòt konpayi prive Medicare apwouve, ou genyen yon plan Medicare Advantage. Plizyè nan plan sa yo bay kouvèti an plis epi yo kapab diminye depans ou ta fe ak lajan pa w.

Si ou genyen Pati A ak B Medicare, ou ka rantre nan yon plan Medicare Advantage. Avèk plan sa yo, ou pap ka genyen yon plan Medigap paske plan Medicare Advantage yo kouvri on bon valè nan menm benefis plan Medigap lan kouvri. Sa gen ladann benefis tankou jou an plis Plan sa bay avantaj kankou jou an plis nan lopital apre ou te itilize jou yo Medicare kouvri.

Plan Medicare Advantage yo gen ladann:

- Plan swen kowòdone Medicare yo;
- Plan òganizasyon founisè privileje Medicare yo.
- Plan prive frè pou sèvis Medicare yo
- Plan espesyalite Medicare yo

Si ou rantre nan plan Medicare Advantage lan, w ap itilize kat sante ou jwenn nan men founisè plan Medicare Advantage pou sante ou. Epi, ou ka gen pou w peye yon prim mansyèl pou plan Medicare Advantage ou an akòz benefis an plis li ofri yo.

Ou ka rantre nan yon plan Medicare Advantage pandan premye aplikasyon ou an (jan yo esplike sa nan Enskri pou Medicare nan paj 6), premye fwa ou te kalifye pou Medicare la. Ou kapab aplike tou pandan peryòd enskripsiyan tou louvri ki fèt chak ane a ant 15 oktòb tout moun ant 15

oktòb – 7 desanm. Dat k ap sou enskripsyon ou an lè sa a se 1ye janvye nan lane kap vini an. Genyen tou peryòd enskripsyon espesyal pou kèk sitiayson.

## Pati D Medicare (Kouvèti Medikaman sou Preskripsyon Medicare)

Nenpòt moun ki gen Pati A Medicare oswa Pati B kalifye pou Pati D (Kouvèti medikaman sou preskripsyon Medicare Benefis Pati D yo disponib tankou yon plan apa oswa li ka fè pati Medicare Advantage. Benefis medikaman yo menm nan nenpòt ki plan. Rantre nan plan medikaman sou preskripsyon Medicare la se volontè, epi ou peye yon prim mansyèl an plis pou pwoteksyon an. Kèk benefisyè ki gen revni ki pi wo yo pral peye yon prim mansyèl Pati D ki pi wo. Pou plis enfòmasyon, li Prim Medicare *yo Rules for Higher-Income Beneficiaries (Règleman pou Benefisyè ki gen revni ki pi wo yo)* (Piblikasyon No. 05-10536) , oswa vizite [www.socialsecurity.gov/medicare/mediinfo.html](http://www.socialsecurity.gov/medicare/mediinfo.html).

Si ou pa rantre nan yon plan medikaman Medicare lè ou fenk kalifye, ou ka peye yon penalite pou reta nan enskripsyon si ou antre nan yon plan pi devan. Ou pral bezwen peye penalite sa a tout tan ou genyen pwoteksyon pou medikaman sou preskripsyon Medicare. Sepandan, ou pap peye yon penalite si ou genyen *Extra help* (gade pi ba a), oswa yon lòt plan pou medikaman sou preskripsyon kredib. Pou li kredib, pwoteksyon sa a dwe peye, an mwayèn, pou pi piti menm ak pwoteksyon pou preskripsyon estanda Medicare lan.

Ou ka rantre pandan wap fe premye aplikasyon ou an (jan yo esplike sa nan Enskri pou Medicare nan paj 6), premye fwa ou kalifye pou Medicare. Ou kapab rantre tou pandan peryòd enskripsyon tou louvri anyèl Medicare ant 15 oktòb – 7 desanm. Dat kap sou enskripsyon ou an se 1ye janvye lane kap vini an. Genyen tou peryòd enskripsyon espesyal pou kèk sitiayson.

## Ed pou moun ak revni ki ba

Si ou paka peye Prim Medicare ou yo ak lot depans medikal, li posib pou ou jwenn èd nan men Eta ou an. Eta yo ofri pwogram pou moun ki gen dwa gen Medicare ki pa gen gwo revni. Kèk pwogram ka peye prim Medicare yo epi kèk peye frè yo ak mòso nan asirans Medicare la. Pou kalifye, ou dwe genyen Pati A Medicare la epi fòk ou gen revni ak resous limite.

Ou ka ale sou entènet pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa yo nan sit Centers for Medicare & Medicaid Services. Vizite [www.medicare.gov](http://www.medicare.gov) epi jwenn seksyon ki rele "Your Medicare Costs" epi jwenn "Get help paying costs." Ou ka vizite tou [www.medicare.gov/publications](http://www.medicare.gov/publications) pou li *Get Help with Your Medicare Costs*. Kòmanse ak (Piblikasyon No. CMS-10126).

Sèl eta kote wap viv lan ka deside si ou kalifye pou èd sou pwogram sa yo. Pou ou konnen, kontakte eta ou an oswa ajans asistans medikal lokal (Medicaid), sèvis sosyal, oswa biwo sèvis sosyal yo.

Ou dwe kapab jwenn *Extra Help* nan peye dediktib anyèl yo; prim mansyèl yo, ak co-pèman preskripsyon yo ki gen rapò ak pwogram medikaman sou preskripsyon Medicare (Pati D). Si ou gen revni ak resous ki limite (ki lye ak nivo povrete federal la), ou ka kalifye pou *Extra Help*. Limit revni ak resous sa yo chanje dabitid chak ane, epi ou kapab kontakte nou pou nimewo aktyèl yo.

Ou kalifye otomatikman epi ou pa bezwen aplike pou *Extra Help* si ou gen Medicare epi ou ranpli youn nan kondisyon sa yo:

- Genyen pwoteksyon Medicaid konplè
- Genyen Supplemental Security Income (SSI); oswa
- Patisipe nan pwogram eta aki peye prim Medicare ou yo.

Pou plis enfòmasyon sou jwenn èd ak kou medikaman sou preskripsyon ou yo, rele nan nimewo gratis Social Security oswa vizite sit entènèt nou an. Ou ka aplike tou sou entènèt nan [www.socialsecurity.gov/extrahelp](http://www.socialsecurity.gov/extrahelp).

## Enskri pou Medicare

### Kilè mwen dwe aplike?

Si ou te deja ap jwenn benefis Social Security yo oswa pèman Railroad Retirement yo, nou pral voye enfòmasyon pou ou kèk mwa anvan ou vin kalifye pou Medicare. Si ou viv nan youn nan 50 eta yo, Washington, D.C., Northern Mariana Islands, Guam, American Samoa, oswa U.S. Virgin Islands, nou pral enskri ou otomatikman nan Pati A ak B Medicare. Sepandan, kòm ou dwe peye yon prim pou pwoteksyon Pati B an, ou ka chwazi refize li.

**NÒT:** Moun ki rete Puerto Rico oswa nan peyi etranje pap resevwa Pati B an otomatikman. Yo dwe chwazi benefis sa a.

Si ou potko ap jwenn benefis yo, ou ta dwe kontakte Social Security anviwon twa mwa anvan 65yèm anivèsè ou pou ou enskri pou Medicare. Ou ta dwe enskri pou Medicare menm si ou pa gen plan pou ou retrete a laj 65 an.

Apre ou enskri nan Medicare, ou pral resevwa yon kat wouj, blan, ak ble Medicare ki montre si ou gen Pati A, Pati B oswa tou lè de. Tanpri kenbe kat ou an nan yon kote ki si pou ou jwenn li lè ou bezwen li. Si kat ou an pèdi oswa si yon vòlè li, ou ka aplike pou yon kat ranplasman nan kreye yon kont my Social Security nan [www.socialsecurity.gov/myaccount](http://www.socialsecurity.gov/myaccount), oswa rele nimewo gratis Social Security an. Ou pral resevwa tou yon manyèl Medicare & You (Piblikasyon No. CMS-10050) ki dekri chwa benefis ak plan Medicare ou an.

### Lòt sitiayson enskripsiyon yo

Ou dwe kontakte tou Social Security sou aplikasyon ou pou Medicare si:

- Ou se yon vèf/vèv enfim ant laj 50 ak laj 65 lane, men ou poko te aplike pou benefis envalide paske ou ap jwenn yon lòt kalite benefis Social Security;
- Ou se yon anplwaye gouvènman an epi te vini enfim anvan laj 65 lane;
- Ou menm, mari ou, oswa pitit ou ki sou kont ou gen ensifizans renal pèmanan;
- Ou te gen Pati B Medicare anvan sa, men ou te kite pwoteksyon an;
- Ou te refize yon Pati B Medicare lè ou te jwenn Pati A a; oswa
- Ou menm ak mari/madanm ou te travay pou endistri tren an.

### Peryòd enskripsiyon inisyal pou Pati B

Lè ou fenk vin kalifye pou Pati A Medicare, ou genyen yon peryòd sèt mwa (peryòd enskripsiyon inisyal ou an) pou ou kalifye pou Pati B an. Si ou kalifye nan laj 65 lane, peryòd enskripsiyon inisyal ou an kòmanse twa mwa anvan 65yèm anivèsè ou, ki gen ladann tou mwa ou vin genyen 65 kan an, epi fini twa mwa apre anivèsè sa a. Si ou kalifye pou Medicare baze sou, enfimite oswa ensifizans renal, peryòd enskripsiyon inisyal la lye ak dat enfimite ou an oswa tretman ou an kòmanse.

**NÒT:** Si ou pa enskri pou Pati B an lè ou fenk kalifye pou genyen, ou ka gen pou peye yon penalite enskripsiyon an reta pou osi lontan ou genyen pwoteksyon Pati B an. Epitou, ou ka gen pou ou tann pou ou enskri, sa ki pral mete pwoteksyon an an reta.

### Kilè enskripsiyon mwen nan Pati B a vin kòmanse tout bon?

Si ou aksepte enskripsiyon otomatik nan Pati B Medicare la, oswa si ou enskri pandan premye twa mwa peryòd enskripsiyon inisyal ou an, pwoteksyon ou an pral kòmanse ak mwa ou fenk kalifye an. Si ou enskri pandan kat dènye mwa yo, pwoteksyon ou an pral kòmanse ant youn ak twa mwa apre ou enskri.

Tablo sa a montre lè Pati B Medicare ou an vin kòmanse tout bon:

Si ou enskri nan mwa peryòd enskripsyon inisyal ou an	Apre pwoteksyon Pati B Medicare la kòmanse
Ant youn ak twa mwa anvan ou rive nan laj 65 lane	Mwa ou rive nan laj 65 lane an
Mwa ou rive nan laj 65 lane an	Yon mwa apre mwa ou rive nan 65 lane an
Yon mwa apre ou rive nan 65 lane an	De mwa apre mwa enskripsyon an
De oswa twa mwa apre ou rive nan laj 65 lane an	Twa mwa apre mwa enskripsyon an

### Peryòd enskripsyon jeneral pou Pati B an

Si ou pa enskri nan Pati B Medicare la pandan peryòd enskripsyon inisyal ou an, ou genyen yon lòt chans chak ane pou ou enskri pandan yon "periyòd enskripsyon jeneral" soti nan 1ye janvye rive nan 31 mas. Pwoteksyon ou an kòmanse nan 1ye jiyè lane ou enskri an. **Sepandan, ou ka gen pou ou peye yon penalite enskripsyon an reta pandan tout tan ou gen pwoteksyon pat B an. Prim mansyèl ou an pral monte 10 pouzan pou chak peryòd 12 ou te kalifye pou Pati B ab, men ou pat enskri pou li.**

### Peryòd Enskripsyon Espesyal pou moun k ap kite Pati C an

Si ou nan Pati C Medicare (plan Medicare Advantage), ou kapab kite plan sa a epi chanje pou Medicare orijinal la soti nan 1ye janvye rive nan 14 fevriye. Si w itilize opsyon sa a ou genyen tou jiska 14 fevriye pou ou rantre nan Pati D Medicare (plan medikaman sou preskripsiyan Medicare). Pwoteksyon ou an kòmanse premye jou nan mwa a apre plan an jwenn fòm enskripsyon ou an.

### Peryòd Enskripsyon Espesyal pou moun ki pwoteje anba yon plan gwoup sante yon patwon.

Si ou gen 65 lane oswa pi gran epi ou pwoteje anba **plan gwoup sante, pa ou oswa pa** travay aktyèl mari/madanm ou, ou ka genyen "periyòd enskripsyon espesyal" pou ou enskri nan Pati B Medicare la. Sa vle di ou dwe ranvwaye enskripsyon nan Pati B Medicare la san ou pa bezwen gen pou ou tann pou yon peryòd enskripsyon jeneral epi peye penalite a pou enskripsyon an reta. Gen limit, alòs nou avize ou ak fòs pou ou kontakte Centers for Medicare & Medicaid Services (CMS): pou plis enfòmasyon. Enfòmasyon kontak CMS lan nan paj 1 tiliv sa a. Règ sa yo pèmèt ou:

- Enskri nan Pati B Medicare nenpòt ki lè pandan ou gen yon plan sante gwoup ki baze sou travay aktyèl ou an; oswa
- Enskri nan Pati B Medicare pandan peryòd uit mwa ki kòmanse mwa apre travay la fini oswa pwoteksyon sante gwoup la fini, nenpòt sa ki fini anvan an.

Ou paka enskri pandan yon peryòd enskripsyon espesyal si travay ou an oswa pwoteksyon plan sante gwoup patwon ou an bay la fini pandan peryòd enskripsyon inisyal ou an.

Lè ou enskri pou Pati B Medicare pandan ou toujou nan plan sante gwoup la, oswa pandan premye mwa konplè lè ou pa nan plan an ankò, pwoteksyon ou an kòmanse swa:

- Nan premye jou nan mwa ou enskri a; oswa
- Ak chwa ou, nan premye jou nenpòt mwa nan twa k ap vini yo.

Si ou enskri pandan nenpòt nan sèt mwa "periyòd enskripsyon espesyal la" pwoteksyon Pati B Medicare la kòmanse nan premye jou mwa k ap vini an.

Si ou pa enskri anvan fen peryòd uit mwa a, ou pral gen pou ou tann jiska pwochen peryòd enskripsyon jeneral la, ki kòmanse 1ye janvye lane ki vin apre an. Ou ka genyen pou ou peye

tou yon penalite enskripsyon an reta osi lontan ou genyen pwoteksyon pati B an, jan nou te dekri sa anvan an.

Si ou jwenn benefis enfimite Social Security epi ou gen pwoteksyon sou yon plan sante gwoup ki soti swa nan travay aktyèl ou oswa pa yon manm fanmi w, ou kapab genyen tou yon peryòd enskripsyon espesyal. Si se sa, ou gen menm kalite dwa nan prim ak moun ki gen 65 lane oswa plis yo. Pou jwenn plis enfòmasyon, kontakte Centers for Medicare & Medicaid Services.

**NÒT:** Pwoteksyon COBRA ak asirans sante pou retrete pa konte kòm pwoteksyon nan travay aktyèl.

## Chwa pou resevwa sèvis sante

Benefisyè Medicare yo ka gen chwa pou resevwa sèvis swen sante.

Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou chwa pou swen sante nan piblikasyon sa yo.

- *Medicare & You* (Piblikasyon No. CMS-10050) — CMS voye gid sa a bay moun apre yo enskri nan Medicare epi li voye yon vèsyon ajou chak ane apre sa.
- *Fason pou chwazi yon plan Medigap: Yon Gid sou Asirans Sante pou Moun ki gen Medicare* (Piblikasyon No. CMS-02110) — Gid sa a dekri kijan lòt moun ki gen plan asirans sante yo ka ajoute sou Medicare epi li ofri kèk konsèy sou fason pou achte plan sa yo.

Pou jwenn yon kopi piblikasyon sa yo, ale sou [www.medicare.gov/publications](http://www.medicare.gov/publications), oswa rele nimewo gratis la **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Si ou soud oswa ou tande di, rele TTY **1-877-486-2048**.

## Si ou gen lòt asirans sante

Pati A Medicare (asirans lopital) gratis pou prèske tout moun. W ap bezwen peye yon prim chak mwa pou Pati B Medicare (asirans medikal)

Si ou deja gen lòt asirans sante lè ou vin kalifye pou Medicare, èske li vo pri prim mansyèl pou enskri pou Pati B a?

Repons lan varye ak chak moun ak kalite lòt asirans sante ou genyen an. Malgre nou pa ka reponn ou "wi" oswa "non" repons, nou ka ofri enfòmasyon ki ka ede ou deside. Epitou nou ka di ou si ou pral gen yon penalite enskripsyon si ou enskri ta.

## Si ou gen yon plan asirans prive

Kontakte ajan asirans ou pou wè kijan plan prive w la adapte avèk Pati B Medicare. Sa enpòtan espesyalman si ou gen fanmi ki gen pwoteksyon anba menm plan an. Epi sonje, menm jan Medicare pa kouvri tout sèvis sante, pifò plan prive pa kouvri yo tou. Lè w ap planifie pwoteksyon asirans sante ou, sonje pi fò swen nan mezon retrèt yo pa gen pwoteksyon Medicare oswa règleman asirans sante prive yo. Yon avètisman enpòtan: Pou pwoteksyon pa ou, **pa anile okenn asirans ante ou gen kounye a jiskaske pwoteksyon Medicare ou kòmanse.**

## Si ou gen asirans nan yon plan sante angwoup ou jwenn nan travay ou

Dapre lalwa, plan sante angwoup ou jwenn nan travay ki gen 20 anplwaye oswa plis plis oblige ofri travayè yo ak mari oswa madanm yo ki gen 65 lane (oswa plis) benefis sante menm jan ak travayè ki pi jèn yo.

Si oumenm oswa mari oswa madanm ou toujou ap travay epi nou gen asirans nan yon plan sante angwoup nan travay, pale ak biwo pèsonèl la anvan ou enskri pou Pati B Medicare.

## Si ou gen yon Health Savings Account (HSA) (Kont Depay pou Sante)

Si ou gen yon HSA lè ou enskri pou Medicare, ou paka kontribye nan HSA ou an yon fwa ke pwoteksyon Medicare ou an kòmanse. Si ou kontribye nan HSA ou an apre pwoteksyon Medicare ou an kòmanse, ou ka gen pou ou peye yon penalite kòm taks. Si ou ta renmen

kontinye kontribye nan HSA ou an, ou pata dwe aplike pou benefis Medicare, Social Security, oswa RailRoad Retirement Board (RRB) yo.

**NÒT:** Pwoteksyon Pati A san prim nan kòmanse 6 mwa anvan dat ou aplike pou benefis Medicare (oswa Social Security/RRB) yo, men pa anvan premye mwa ke ou te kalifye pou Medicare la. Pou ou evite penalite taks la, ou dwe sispann kontribye nan HSA ou an omwen 6 anvan ou aplike pou Medicare.

### Si ou gen pwoteksyon swen sante nan lòt plan

Si ou gen TRICARE (asirans pou sèvis aktif, retrete militè, ak fanmi yo), benefis sante ou ka chanje oswa fini lè ou vin kalifye pou Medicare. Sa a aplike pou nenpòt ki rezon, kèlkeswa laj ou oswa kote ou rezide. Si ou se yon retrete militè oswa ou se yon fanmi yon retrete militè, ou dwe enskri nan Pati A ak Pati B premye fwa ou kalifye pou w jwenn pwoteksyon TRICARE. Ou ka jwenn yon konseye benefis sante militè nan [www.milconnect.dmdc.osd.mil](http://www.milconnect.dmdc.osd.mil) oswa rele Defense Manpower Data Center, gratis nan **1-800-538-9552 (TTY 1-866-363-2883)** avan ou deside si w ap enskri nan asirans medikal Medicare (Pati B).

Si ou gen pwoteksyon swen sante nan Sèvis Sante Endyen, Depatman Afè Veteran, oswa yon pwogram asistans medikal eta a, kontakte biwo sa yo pou ede ou deside si li nan avantaj pou ou genyen Pati B Medicare.

**ENPÒTAN:** Si ou gen pwoteksyon VA ou ka gen pou peye yon penalite enskripsiyan an reta pou osi lontan ou genyen pwoteksyon Pati B an. Epitou, ou ka gen pou ou tann pou ou enskri, sa ki pral mete pwoteksyon an an reta.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kijan lòt plan asirans sante travay avèk Medicare, ale sou [www.Medicare.gov/publications](http://www.Medicare.gov/publications) pou wè tiliv Medicare ak lòt Benefis Sante: Gid ou sou Kimoun ki Peye Avan (Piblikasyon No. CMS-02179), oswa rele

Medicare nimewo gratis, **1-800-MEDICARE (1-800-633-4227)**. Si ou soud oswa ou tande di, rele TTY **1-877-486-2048**.

### Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou dèmilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

### Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my Social Security* pou egzamine *Social Security Statement (Deklarasyon Sekirite Sosyal)* ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn *Extra Help* (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsiyan;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10043-HC | March 2018

Medicare

Medicare (Haitian-Creole)

Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye publikasyon sa a